



Pou Piblikasyon Imedya: 02/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE NOUVO INISYATIV POU PWOMOUVWA FWA KONTE
NEW YORK LA AK FWA LOKAL YO, OGMANTEE VIZITÈ YO, EPI VALORIZE
AGRIKILTI A**

Inisyativ piblisite ki koute prèske 2 milyon dola "Pa janm Two Lwen pou Amizman" gen ladan piblisite [televizyon](#), radyo, difizyon, ak piblisite dijital ak [ttablo afichaj](#) pou prezante nan gwo mache yo

[Paspò](#) fwa konte yo kounye a disponib pou ankouraje timoun ak fanmi vizite plizyè Fwa konte ak lokal atravè Eta a pandan ete a; lokal pou pase pran yo [isit la](#)

Pwogram Pilòt Sibvansyon Transpò a demare nan Fwa Konte Boonville-Oneida

Fè pati kanpay ete ki pi laj Gouvènè Hochul la pou ede timoun ak fanmi yo pou yo "Dekonekte ak Entènèt, Ale Deyò"

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman inisyativ maketing prèske 2 milyon dola Eta a pou ankouraje plis pase 50 fwa lokal ak konte New York atravè Eta a. Kanpay maketing ak piblisite a pral fèt pou ogmante prezans nan fwa Efò yo enkli lanse piblisite ak tablo afichaj sou televizyon, radyo, ak nimerik, yon nouvo pwogram Paspò Fwa Konte, ak yon pwogram sibvansyon transpò pou ede ogmante prezans nan fwa eta a, edike kominote yo sou fason ke fwa yo sipòte ekonomi lokal yo, epi valorize agrikilti Eta New York la. Nouvo efò sa yo fè pati kanpay ete ki pi laj "Dekonekte ak Entènèt, Ale Deyò" Gouvènè Kathy Hochul la pou ankouraje sante fizik ak mantal lè li ede timoun ak fanmi New York yo depoze telefòn yo ak òdinatè yo, pran yon ti repo nan rezo sosyal yo, epi jwi rekreyasyon ak rasanbleman sosyal deyò.

"Kòm yon ansyen timoun 4-H, mwen konnen ki enpak fwa konte nou yo ak fwa jèn yo genyen – y ap kreye souvni pou tout lavi epi ofri opòtinite enkwayab pou patisipan yo aprann plis sou agrikilti New York la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk lansman nouvo inisyativ sa yo, n ap ankouraje tout Nouyòkè yo soti deyò epi vizite fwa konte yo, fè eksperyans ekspozisyon agrikòl enkwayab, epi jwi bon manje ak amizman pandan tout ete."

Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, te rejwenn Asosyasyon Fwa Agrikòl Eta New York la, anplwaye Fwa Konte Saratoga ak manm konsèy administrasyon yo,

reprizantan Sant Akèy rejyonal Eta a ak Cornell Cooperative Extensions, ansanm ak manm elèv 4-H pou lanse pwomosyon plizyè fwa konte jodi a nan Teren Fwa Konte Saratoga. Inisyativ yo te lanse jodi a te devlope nan kad angajman Gouvènè a pou ranfòse fwa Konte New York ak lokal yo, ki gen ladan pwomosyon kwaze ak Gran Fwa Eta New York la, epi amelyore inisyativ pwogram jèn ak agrikòl nan tout fwa nan tout eta a.

Kanpay maketing ak piblisite Eta a, "Pa Janm Two Lwen pou Amizman", gen ladann yon [piblisite televizyon](#) 30 segonn, y ap mete nan emisyon, kab, ak televizyon konekte nan chak mache medya atravè eta a (Albany, Binghamton, Buffalo, Elmira, Greater New York, Plattsburgh, Rochester, Syracuse, Utica, Watertown).

Yo mete reklam radyo yo nan zòn Norwich/Cooperstown, Jefferson/Lewis/Watertown/Lowville, Saratoga/Lake George, ak South Finger Lakes pou yo rive jwenn kominote lokal yo epi pou yo kreye eksitasyon ak antisipasyon pou moun ki renmen ale nan fwa ki gen posiblite pou fè eksperyans tout sa fwa konte yo gen pou ofri. Anplis de sa, yo pral mete anons atravè resè eta a, enkli nan zòn Vil New York, sou sèvis difizyon tankou Roku, Apple TV, Hulu, Netflix, Prime Video, YouTube TV, Sling TV, Amazon Fire TV, Spotify, Pandora, ak iHeartRadio.

[Tablo afichaj yo](#), tankou sa ki isit la ak isit la (lyen) yo pral plase estratejikman sou gwo otowout yo, nan zòn ki gen anpil sikilasyon, nan Buffalo, Rochester, Syracuse, Binghamton, Utica, Watertown, Albany ak nan Metro North pou ogmante vizibilite ak ekspozisyon kanpay la epi ankouraje prezans nan fwa konte yo.

Kanpay la gen ladan tou investisman nan anons medya sosyal ak nouvo paj [Facebook](#), [Instagram](#), ak [YouTube](#) ki fèk lanse ak [nouvo sitwèb](#) ki dedye pou pwomouvwa fwa konte ak fwa lokal Eta a yo. Nan Findyourfair.com, vizite yo ka jwenn yon kat pou tout 50 fwa yo, kenfòmasyon pou ekspozan yo, ak yon seri [resous pwomosyon pou fwa yo, ki gen ladan afich ki ka enprime, banyè, ak pano sinyalizasyon](#) konplè.

Sitwèb la gen lyen tou ak nouvo [Pwogram Paspò Fwa](#) Eta New York la. [Pwogram Paspò a](#) se yon fason amizan pou angaje fanmi yo ak jèn moun epi ankouraje yo vizite plizyè fwa konte ak lokal yo. Yo ka pran paspò yo nan biwo konte lokal Cornell Cooperative Extension, nan Sant Akèy Eta a, ak nan Pak Eta yo. Gen yon lis konplè ki gen kote pou pase pran yo ki disponib sou paj entènèt Pwomosyon Fwa Konte Depatman [isit la](#). Ti foz fwa yo ka pote paspò yo nan nenpòt nan fwa yo vizite yo epi jwenn yon kupon nan ti liv yo ansanm ak "Ag Swag", ki gen ladann kòdon ak bouton komemoratif.

Chak fwa, ki gen ladan Fwa Eta New York la, pral gen tou yon chas trezò kote patisipan yo ka antre nan yon desen atravè pwomosyon [Taste NY #FindMeAtTheFair](#). Ti foz fwa yo ka patisipe nan chas yo ak aplikasyon ki fèk lanse a epi ranpli misyon yo pou yo antre pou yo genyen gwo pri ki fèt nan New York.

Pou ankouraje vizitè yo epi ede vwayaj yo nan fwa yo, Eta a ap lanse yon pwogram sibvansyon pilòt ki pral konpanse pri transpò a pou pèmèt jèn yo, ki otreman pa kapab, jwi yon jounen konplè nan fwa a. Fwa Konte Boonville-Oneida se k ap patisipe nan pwogram pilòt la epi, lè l sèvi avèk sibvansyon yo, li pral ede jèn ki soti nan Utica jwenn aksè nan fwa a 24 jiyè a. Pwogram pilòt la pral elaji epi aplikasyon pou pwogram sibvansyon an pral ouvri pou lòt fwa otòn sa a.

Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, te deklare, "Eta a gen plis pase 50 fwa nan konte ak lokal, ki ankre nan istwa ak tradisyon agrikòl yo. Nou fyè pou nou kanpe ansanm ak patnè nou yo nan fwa konte yo epi, avèk èd kanpay maketing ak piblisite solid sa a, ede yo rakonte istwa yo bay ti fozi fwa yo atravè Eta a. Nou espere ke lè nou vizite yon fwa konte, oswa de, oswa twa ete sa a, Nouyòkè yo pral gen okazyon pou egzamine pi pre pwodwi agrikòl nou yo, pratik, istwa, ak tradisyon yo, epi aprann plis sou yo epi sipòte kominote yo y ap vizite a. Gras ak angajman Gouvènè Hochul pran pou ranfòse fwa konte nou yo, nou pa ka tann yon ete eksitan epi wè plis vizitè atravè pòtay fwa konte yo atravè Eta a."

Komisè Tanporè Pak Eta New York la, Randy Simons, te deklare, "Eta New York gen anpil eksperyans – soti nan gwo pak eta nou yo, plaj, santye ak sit istorik nou yo rive nan anpil fwa lokal ak konte nou yo. Nou menm, nan Pak Eta yo, nou kontan anpil pou nou sipòte travay sa a pou ankouraje fwa lokal ak konte yo epi ede valorize agrikilti New York la."

Prezidan Agrikilti Sena a, Michelle Hinchey, te deklare, "Fwa lokal ak konte yo se selebrasyon vibran agrikilti New York ak faktè ekonomik enpòtan ki mete fyète riral nou an plen ekspozisyon—yon eksperyans san parèy chak rezidan atravè eta nou an ta dwe gen chans jwi. Nou kontan anpil pou lansman kanpay maketing sa a pou ede ranfòse pwomosyon san patipri ak enspire plis vizitè pou vin jwenn nou pou tradisyon kominote yo renmen anpil la."

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Mwen trè kontan ke New York pral fè pwomosyon plis pase 50 fwa konte ak lokal nou yo, atravè kanpay "Pa Janm Twou Lwen pou Amizman" Kit w ap vwayaje tou pre oswa byen lwen, sa a se yon gwo opòtinite pou moun ki soti nan tout eta a jwi tout sa fwa yo gen pou ofri. Chak fwa gen pwòp istwa ak tradisyon inik li, tout fèt pou montre ak selebre agrikilti NY la. Antanke Prezidan Komite Agrikòl Asanble a, se yon privilèj inik pou m defann nan non yo, ansanm ak tout patnè mwen yo nan gouvènman eta a."

Prezidan Asosyasyon Afè Agrikòl Eta New York la, Julia Reynolds, te deklare, "Nou trè rekonesan pou sipò kontinyèl Gouvènè Hochul ak Komisè Ball pou pwomosyon fwa konte nou yo. Fwa konte yo atravè eta a ta renmen montre anpil avni divèsite agrikòl bay moun ki franchi pòtay yo. Kidonk, pran paspò w epi fè eksperyans fwa New York yo."

Direktris Jeneral Fwa Konte Saratoga Jennifer Flinton, te deklare, "Nou rekonesan anvan Gouvènè Hochul ak Komisè Ball pou sipò solid yo nan fwa agrikòl konte yo, epi

nou kontan patisipe nan pwogram paspò a. Jou ouvèti Fwa Konte Saratoga a ap rive nan 21 jou sèlman. Nou espere wè ou isit la pou jwi ekspozisyon agrikòl nou yo, bon manje nou yo, woulib ak atraksyon, epi nou pa ka tann pou nou mete so sou paspò ou a."

Lidè Kesyon Ekstansyon KCornell Cooperative Extension Konte Saratoga 4-H/FCS, Greg Stevens te deklare, "CCE Saratoga ak pwogram Devlopman Jèn 4-H yo onore pou sipòte nouvo Pwogram Paspò Gouvènè Hochul ak Ag and Markets la. Li trè apwopwiye pou demaraj la ap fèt nan Konte Saratoga akòz relasyon travay sere nou ak pilye kominote agrikòl sa a, ki gen ladan Biwo Agrikòl Konte Saratoga, Sosyete Agrikòl Konte Saratoga ak CCE Saratoga. Fwa konte a se yon ekspozisyon chak ane nan endistri agrikòl nou yo. Ankò, nou pa ka tann inisyativ sa a ki mete yon lòt pwen enpòtan sou Fwa Konte Saratoga la."

Jesyonè Taste NY Market nan Sant Dakèy Rejyon Kapital la, Lisa Gallina, te deklare, "Nou kontan nan Sant Akèy Rejyon Kapital la pou nou distribye Paspò Fwa 2024 la! Se yon bèl fason pou ankouraje moun yo patisipe nan anpil fwa ete sa jan sa posib atravè gran eta New York la. Nou kapab pataje lanmou nou pou fwa yo epi ankouraje moun aprann sou agrikilti rejyonal, jadinaj ak 4-H! Anpil nan pwodwi nou yo ke nou vann yo te kòmanse nan yon fwa konte."

Direktè Asosye Prensipal Politik Piblik, Biwo Fèm Agrikòl New York, Renée St. Jacques te deklare, "Fwa yo se yon opòtinite enpòtan pou patisipan yo aprann sou agrikilti lokal yo ak sou fason fèm yo pwodui manje pou kominote nou yo. Kanpay maketing ak pwogram paspò sa a pral mennen plis moun vizite fwa New York konsa l ap kreye plis koneksyon ak agrikilti. Mèsi Gouvènè Hochul, Komisè Ball ak lejislatè eta yo pou sipò yo kontinyèl yo bay fwa ak kiltivatè New York yo."

Gouvènè a an te premye [anonse](#) angajman li pou ranfòse fwa konte ak jèn yo an 2021. Gouvènè a te mande Depatman Agrikilti ak Mache yo pou evalye opòtinite sipò, kwasans ak revitalizasyon pou tout fwa nan New York yo pandan Eta a ap antre nan sezon fwa 2022 a. An 2023, Depatman an te travay ak fwa konte yo, enkli avèk Asosyasyon Fwa Agrikòl Eta New York la, pou devlope yon pwogram maketing solid ak sansibilizasyon, pwomosyon kwaze fwa yo atravè divès kominikasyon, ki gen ladan rezo sosyal, epi li pral òganize yon tab wonn andeyò sezon an pou idantifye lòt opòtinite pou amelyore maketing ak pwomosyon fwa ak amelyore inisyativ pwogram jèn ak agrikòl nan tout fwa nan tout eta a, tankou amelyore konpetisyon agrikòl nan fwa yo. Diskisyon yo te konsantre tou sou lòt inisyativ, tankou planifikasyon kapital, jesyon ijans, ak komisyonin yon etid sou enpak ekonomik ajou.

Anplis de Gran Fwa Eta New York la, New York gen plis pase 50 fwa konte ak jèn ki fonksyone depi jiyè jiska mitan mwa septanm, ak Fwa Long Island ki fèmèn sezon an. Fwa lokal yo bay vizitè yo plezi pou fanmi, bon mizik, ak manje ki gen bon gou. Yo ofri tou yon opòtinite inik pou aprann sou agrikilti lokal, ki gen ladan kote manje nou yo soti, ak fason yo grandi, rekòlte, ak vann bay piblik la. Dapre yon etid enpak ekonomik 2013, fwa Eta a jenere 6 milyon dola nan aktivite ekonomik ak plis pase 4,000 djòb nan New

York chak ane. Gen yon lis pifò fwa konte atravè eta a ak dat yo ap fonksyone ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)